


Èske ou ka jwenn èd pou peye pou yon asirans sante atravè Health Connector?



Ou gendwa kalifye si w:

- Achte yon plan atravè Massachusetts Health Connector
- Rete Massachusetts
- Se yon sitwayen ameriken, yon rezidan legal peyi a oswa yon moun ki prezan legalman nan peyi Etazini an
- Gen yon nivo revni ki fè w kalifye pou kantite moun ki nan fanmi w

Remak: Pou plan ConnectorCare yo, nivo revni ki fè moun kalifye a se 500% nivo pòvreté federal la (Federal Poverty Level, FPL) oswa mwens (gade tablo ki anba a).

Ou pa p kalifye si w:

- Gen asirans atravè Medicare, MassHealth (Medicaid) oswa yon lòt pwogram asirans sante piblik
- Nan prizon kounye a
- Gen posiblité jwenn yon asirans sante ki konplè ou ka peye nan men yon anplwayè

Remak: Si plan asirans sante anplwayè w ofri a koute plis pase 9.02% revni fwaye w pou chak moun, yo pa konsidere asirans sa a kòm yon asirans ou ka peye.

Enstriksyon pou nivo pòvreté fedral la (FPL) an 2024

Kantite moun ki nan fwaye a	Kalite plan ConnectorCare 1 ak 2A (0-150% FPL la)	Kalite plan ConnectorCare 2B (150-200% FPL la)	Kalite plan ConnectorCare 3A (200-250% FPL la)	Kalite plan ConnectorCare 3B (250-300% FPL la)	Kalite plan ConnectorCare 3C (300-400% FPL la)	Kalite plan ConnectorCare 3D (400-500% FPL la)	Kredi taks sèlman** (plis pase 500% FPL la)
1	jiska \$22,590	\$22,591-\$30,120	\$30,121-\$37,650	\$37,651-\$45,180	\$45,181-\$60,240	\$60,241-\$75,300	\$75,301 oswa plis
2	jiska \$30,660	\$30,661-\$40,880	\$40,881-\$51,100	\$51,101-\$61,320	\$61,321-\$81,760	\$81,761-\$102,200	\$102,201 oswa plis
3	jiska \$38,730	\$38,731-\$51,640	\$51,641-\$64,550	\$64,551-\$77,460	\$77,461-\$103,280	\$103,281-\$129,100	\$129,101 oswa plis
4	up to \$46,800	\$46,801-\$62,400	\$62,401-\$78,000	\$78,001-\$93,600	\$93,601-\$124,800	\$124,801-\$156,000	\$156,001 oswa plis
Pou chak moun anplis, ajoute:	\$8,070	\$10,760	\$13,450	\$16,140	\$21,520	\$26,900	\$26,900 oswa plis**
Prim ki pi ba ou ka peye chak mwa chak moun*	\$0	\$51	\$99	\$147	\$226	\$264	**Montan kredi taks yo ak prim yo varye

*Pou plan Health Connector yo

Si w ranpli kondisyon sa yo, ou ka gen posiblité jwenn èd pou peye pou asirans sante a.

Ale sou MAhealthconnector.org pou itilize zouti ki rele “Jwenn yon estimasyon” an pou wè plan sante yo ak pri yo.

ATTENTION: If you speak another language, there are free language assistance services available to you. Call 1-877-623-6765 (TTY: 711).

Plan ConnectorCare yo

- Pou fwaye ki gen revni ki nan 500% FPL la oswa mwens.
- Kalite plan ConnectorCare ou kalifye pou li a depann de revni fwaye w parapò ak FPL la tou.
- Selon kote ou rete a, ou ka gen posiblite fè yon chwa pami uit diferan konpayi asirans.
- Tout benefis plan ConnectorCare yo kouvri se menm benefis yo ye. Sa sèvis yo pral koute w varyab selon kalite plan an. Rezo pwofesyonèl ak etablisman sante yo (doktè ak lopital plan an kouvri yo) varyab selon konpayi asirans lan.

Men yon egzanp ki montre fason yon plan ConnectorCare ka ede w depanse mwens:

Jean genyen 45 lane. Li rete Boston epi li touche \$35,000 chak ane. Li kalifye pou kalite plan ConnectorCare 3A ak yon kredi taks \$389. Jean chwazi plan ConnectorCare ki koute mwens lan ki disponib nan zòn li an, men anvan sa, li verifye si doktè prensipal li a kouvri nan rezo pwofesyonèl ak etablisman sante l la. Prim Jean gen pou peye chak mwa a se \$64.91 sèlman. Etandone li gen yon plan ConnectorCare, li pa gen **okenn franchiz** epi li **peye mwens ak lajan ki soti nan pòch li** pou depans tankou medikaman sou preskripsyon ak ko-peman lè li ale kay doktè.

Prim ou gen pou peye chak mwa pou plan ConnectorCare yo kapab ba nan pwèn sa a:

- **\$0** chak mwa pou kalite plan 1
- **\$147** chak mwa pou kalite plan 3B
- **\$0** chak mwa pou kalite plan 2A
- **\$226** chak mwa pou kalite plan 3C
- **\$51** chak mwa pou kalite plan 2B
- **\$264** chak mwa pou kalite plan 3D
- **\$99** chak mwa pou kalite plan 3A

Selon kote ou rete a, ou ka gen posiblite chwazi yon plan ConnectorCare nan konpayi sa yo:

- Blue Cross Blue Shield of Massachusetts
- Fallon Health
- Harvard Pilgrim Health Care
- Health New England
- Mass General Brigham Health Plan
- Tufts Health Plan
- UnitedHealthcare
- WellSense Health Plan

Kredi taks ou jwenn davans pou prim yo

- Pou fwaye ki kalifye ki gen yon revni ki plis pase 500% FPL la
- Yo aplike kredi taks yo sou bòdwo ou resevwa chak mwa a pou redui prim asirans sante w yo.
- Montan kredi taks la depann de revni w, kantite moun ki nan fanmi w ak kote ou rete a.
- Ou kapab aplike kredi taks la nan nenpòt plan Health Connector (depi se pa yon plan asirans pou ka katastwòf).

Men yon egzanp ki montre fason kredi taks la ka ede w depanse mwens:

Nicole ak Luc se de moun ki marye ki rete Boston. Yo toule de genyen 35 lane epi total revni yo a pou ane a se \$105,000.

Yo kalifye pou yon **kredi taks \$124** chak mwa ki ede yo peye pou asirans yo. Nicole ak Luc chwazi yon plan sante Health Connector ki konn koute \$812.30 chak mwa. Piske yo itilize kredi taks yo, prim yo tonbe nan **\$688.30 chak mwa** sèlman.

Èske ou bezwen èd?

Genyen anpil kote ou ka jwenn yon èd gratis an pèsòn pou aplike e pou enskri nan yon plan.

Health Connector genyen moun pou ede w nan plizyè sant ou ka vizite san randevou nan Eta a.

Osinon, ou ka pran randevou pou travay avèk youn nan asistan pou enskripsyon nou yo. Se moun ki te jwenn yon fòmasyon pou ede w aplike epi enskri atravè Health Connector.

Ou ka jwenn yon lis ki bay tout kote ou ka jwenn yon èd an pèsòn sou [MAhealthconnector.org/here-to-help](https://www.MAhealthconnector.org/here-to-help)

Massachusetts Health Connector respekte lwa federal ak lwa Eta sou dwa sivil ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon kont okenn moun akòz ras yo, koulè yo, peyi kote yo soti, sèks yo, laj yo, andikap yo, eta sante yo oswa pwoblèm sante yo, kalite lavi yo oswa kwayans relijye yo.